



NAETISL

National Association of
Educational Translators and
Interpreters of Spoken Languages



MODDC

Missouri
Developmental
Disabilities Council

Konprann Kategori Andikap yo: Yon Gid pou Paran

Funding for the Supporting Language Access in Schools Project in Missouri provided by the Missouri Developmental Disabilities Council, was supported by the Administration for Community Living (ACL), U.S. Department of Health and Human Services (HHS) as part of a financial assistance award totaling \$1,361,246 with 100 percent funding by ACL/HHS. The contents are those of the author(s) and do not necessarily represent the official views of, nor an endorsement, by ACL/HHS, or the U.S. Government.



naetisl@gmail.com

NAETISL



Follow us



MODDC



moddc@moddcouncil.org



www.naetisl.org

www.moddcouncil.org



Konprann Kategori Andikap yo: Yon Gid pou Paran

Kisa ki kategori andikap yo nan edikasyon espesyal?

Kategori andikap yo se klasifikasyon lekòl yo itilize pou detèmine si yon timoun kalifye pou sèvis edikasyon espesyal daprè Lwa sou Edikasyon pou Moun ki gen Andikap (IDEA). Kategori sa yo ede lekòl yo konprann bezwen espesyal timoun nan epi kreye yon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) pou sipòte aprantisaj ak devlopman l .

Yon timoun dwe satisfè kritè pou youn oswa plizyè kategori epi li bezwen enstriksyon espesyalize pou l kalifye pou yon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP). Gen 13 kategori ofisyèl, chak gen kritè espesifik pa yo.

Men yon lis kategori yo ak kèk nan karakteristik yo:

Otis

- Afekte kominikasyon, entèraksyon sosyal, ak konpòtman
- Ka gen ladan konpòtman repetitif, enterè limite, oswa difikilte ak chanjman
- Sentòm yo souvan parèt anvan laj 3 zan

Soud-avèg

- Yon konbinezon ra pèt nan kapasite pou tande ak vizyon
- Lakòz gwo difikilte nan kominikasyon ak aprantisaj
- Bezwen sipò nan aktivite chak jou ak enstriksyon espesyalize



Soudite

- Yon defisyans nan tande ki grav ki rann li difisil anpil pou konprann langaj pale, menm avèk aparèy èd yo
- Li ka afekte kominikasyon, devlopman langaj pale, ak pwogrè akademik
- Souvan mande lang siy, soutit, oswa lòt sipò

Twoub Emosyonèl

- Gen ladan pwoblèm sante mantal tankou anksyete, depresyon, twoub bipolè, oswa pwoblèm konpòtman
- Ka parèt kòm move relasyon ak lòt moun, konpòtman ki pa apwopriye, oswa difikilte pou adapte nan lekòl
- Afekte aprantisaj men se pa akòz mank kapasite entelektyèl

Defisyans nan tande

- Yon pèt nan tande pasyèl oswa ki varye (ki pa grav tankou soudite)
- Kapab afekte kapasite pou koute, konpetans langaj aloral, ak patisipasyon nan salklas
- Souvan jwenn sipò ak aparèy pou tande oswa sistèm modilasyon frekans (FM)

Andikap entelektyèl

- Fonksyonman entelektyèl ki pi ba pase mwayèn (IQ) ak difikilte nan konpetans pou aktivite lavi chak jou yo
- Aprann nouvo konsèp epi rezoud pwoblèm ka pran plis tan
- Ka mande enstriksyon dirèk ak fòmasyon sou konpetans lavi





Plizyè andikap

- De oswa plis andikap (egzanp, andikap entelektyèl ak defisyans òtopedik)
- Ki lakòz gwo bezwen edikatif. Bezwen yo konplike epi yo pa ka satisfè yo sèlman ak sèvis pou yon sèl andikap

Defisyans òtopedik

- Andikap fizik ki afekte mouvman, kowòdinasyon, oswa fòs
- Ka konsekans pwoblèm sante tankou paralizi serebral, espina bifida, oswa anpitasyon
- Ka bezwen lòt kalite chèz, èd pou mobilite, oswa terapi

Lòt defisyans sante

- Yon kategori laj pou pwoblèm sante kwonik oswa grav tankou twoub defisi atansyon ak ipèaktivite, opresyon, dyabèt, epilepsi, oswa pwoblèm kè. Pwoblèm sa yo afekte vijilans, fòs, oswa enèji epi yo limite pèfòmans nan lekòl.

Andikap aprantisaj espesifik

- Difikilte nan lekti, ekriti, matematik, oswa lòt konpetans akademik
- Timoun nan gen entelijans mwayèn men li gen difikilte pou l aprann nan sèten domèn

Defisyans nan lapawòl oswa langaj

- Pwoblèm pou pale klè, konprann oswa itilize langaj, oswa fòme son
- Gen ladan bege, pwoblèm atikilasyon, ak reta nan langaj
- Ka afekte patisipasyon nan salklas ak kominikasyon





Domaj Twomatik nan Sèvo

- Yon domaj nan sèvo yon fòs ekstèn lakòz (egzanp, aksidan machin, tonbe)
- Kapab afekte memwa, konsantrasyon, emosyon, konpòtman, oswa aprantisaj
- Souvan mande sipò kontinyèl ak re-aprantisaj konpetans yo

Defisyans nan vizyon ki gen ladan avèg

- Pèt vizyon pasyèl oswa konplè ki afekte aprantisaj
- Kapab bezwen Braille, agrandisman, oswa fòmasyon sou oryantasyon ak mobilite
- Ka afekte lekti, ekriti, ak aksè nan enfòmasyon vizyèl

Reta nan devlopman

- Anplis 13 kategori yo, yo ka itilize kategori "reta nan devlopman" an pou timoun jiska laj 9 ane lè yo pa ka idantifye yon andikap espesifik men gen reta enpòtan nan youn oswa plizyè nan sa ki annapre yo:
- Devlopman fizik
- Devlopman entèlektyèl
- Kominikasyon
- Devlopman sosyal oswa emosyonèl
- Devlopman pou adaptasyon

Ou toujou gen kesyon?

- Pale ak moun ki jere dosye pitit ou a, sikològ lekòl la, oswa ekip IEP a.





Kijan mwen ka jwenn èd nan lang mwen?

Mande sèvis entèprèt nan lekòl pitit ou a oswa nan biwo distri eskolè a. Mande enfòmasyon alekri ki tradui si w bezwen. Enfòmasyon ki disponib pou tout paran nan distri eskolè a ta dwe disponib pou ou tou.

